# QARAQALPAQ XALÍQ AŃÍZLARÍ

***Mámbetkarimova Qımbat Nókisbay qizi***

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

*"Baqsıshılıq hám dástanshılıq" qánigeligi studenti*

***Annotaciya:*** *Bul jumısta qaraqalpaq xalıq ańızlarınıń janrlıq ózgeshelikleri, tarıyxıy tiykarları hám kórkemlik áhmiyeti izertlenedi. Maqalada ańızlardıń xalıq mádeniyatında tutqan ornı, olardıń tárbiyalıq áhmiyeti hám folklorlıq miyras sıpatındağı áhmiyeti, ádebiyatımızda tutqan ornı haqqında sóz etiledi.*

***Gilt sózler:*** *qaraqalpaq folklorı, ańız, xalıq ańı, mánáwiy mıyras, tarıyxıy shınlıq, janrlıq ózgeshelik, tárbiyalıq áhmiyet.*

## KARAKALPAK FOLK LEGENDS

***Abstract:*** *This work examines the genre characteristics, historical foundations, and artistic significance of Karakalpak folk legends. The article discusses the role of legends in folk culture, their educational value and significance as folklore heritage, and their place in our literature.*

***Keywords:*** *Karakalpak folklore, legend, folk consciousness, spiritual heritage, historical truth, genre characteristics, educational significance.*

Qaraqalpaq ádebiyatınıń folklor janırı negizi miflerden baslanğan. Keyin ala ádebiyat jáne de rawajlanıp, óz qáddin tiklegennen keyin ańız-ápsanalar, ertekler har qıylı oyın-zawıq qosıqlar payda bola baslağan. Usınıń ishinen ańızlarğa toqtap ótetuğın bolsaq, ańızlar óz aldına janr sıpatında ádebiyatımızda belgili orın iyeleydi. Ańızlar negizi qıyalıy jaqtan payda bolğan dep qarasa, ayrım alımlardıń pikirinshe, ol tarıyxta bolğan nárseni jarıtıp aytıp beredi deydi.

Qaraqalpaq folkloristikasında xalıq awızeki úlgiler jıynaw, jarıyalaw hám izertlew barısında bir qatar úlgili jumıslar islendi. Folklor janırlarınan ertekler, naqıl-maqallar, jumbaqlar, aytıslar, dástánlar óz aldına izertlendi. Solay bolsa da, qaraqalpaq folklorınıń ele izertlenbegen, sheshim hám juwmaqlardı, anıqlawlardı kútip turğan máseleler kóp [1,3].

Ańızlar tarıyxta bolǵan waqıyanı sóz etedi. Oǵan tarıyxıy adamlar hám tarıyxıy jer atlarınıń kelip shıǵıwı haqqında gúrrińler kirgiziledi. Ápsanalarda tiykarınan qıyalıy waqıyalar sóz etiledi. Onnan tısqarı, turmısta bolıp ótken waqıyalar xalıq arasında tarqalǵan gúrrińler kirgiziledi. Mine usınday awızeki proza xalıq ańız-ańgimeleri haqqında pikirler ilimpazlar tárepinen búgingi kúnge shekem talas-tartıslardı payda etip atır. Al, qaraqalpaq folkloristleri ańız-ápsana degen terminlerdi bir-birine jaqın mániste qaraydı. Olar arasındaǵı ayırmashılıq ele ilimiy jaqtan izertlengen joq [2,120].

Degen menen, hárbir qaraqalpaq folklorın izertlewshi ilimpazlardıń miynetlerinde ańız hám ápsanalar haqqında maǵlıwmatlar beriledi. Demek, qaraqalpaq ańız-ańgimeleri búgingi kúnge shekem izertlenip kelmekte. Ańız-ápsanalar–erte dáwilerden berli xalqımız arasında tabılǵan qaraqalpaq xalqınıń biybaha ǵaziynesi. Ańızlardaǵı sóz etiletuǵın waqıyalar, hádiyseler, obrazlar dúrkini tarıyxıy turmıs penen tıǵız baylanısta bolıp, tarıyxıy faktlerge tiykarlanǵan boladı. Ańızlardıń ideyası xalıq qaharmanlarınıń úlgili isleri, ayrıqsha xızmetlerin, belgili bir geografiyalıq mákán atamalarınıń payda bolıw sebeplerin, ruw, qáwim, xalıq, atamalarınıń kelip shıǵıw dáreklerin kórsetiw menen bir qatarda, olardı húrmetlew arqalı milliy sanamızdı ósip-jetisiwin támiyinlewden ibarat [3,121].

Folkloristikada miflerdi ańızlar menen shatastırmaw kerek. Sebebi miflerdi waqıyalıq quramalasıp ketken qıyalıy oylaw, ájayıp hádiyseler, adam aqılına uyqas kelmeytuǵın waqıyalar basım keledi. Dúnyanıń jaratılısı tuwralı qıyalıy ańgimlerdiń barlıq jıynaǵın hám sonıń menen birge dúnya xalıqları miflerin, olardıń payda bolıwı hám rawajlanıwın, mazmunın tarqalıw jaǵdayların úyretetuǵın ilimdi mifologiya dep ataydı. Xalıq ańızları–sóz óneriniń epikalıq túrine jatadı. Ańızlar kórkem tildiń proza (qara sóz) túri menen de, poeziya (qosıq) túri menen de baylana beriwi múmkin. Ańızlar rus folklorında legendalar, ózbek folklorında ráwyatlar dep ataladı.

Belgili ádebiyatshı N. Dawqaraev birinshi bolıp ańızlardıń mazmunlıq, tematikalıq hám kórkemlik ózgesheliklerin esapqa alǵan halda olarǵa arnawlı atama beriwge hám ózgesheliklerin belgilep beriwge háreket etti. Ol óziniń izertlewinde ańızlardıń "legenda" ataması menen ataydı. Alım qaraqalpaqlar arasında keń taralǵan

Asan qaygı, Erejep tentek, Aldar kóse, Jiyrenshe sheshen, Xoja Nasıratdin, Ómirbek laqqı, Dawlet qaramanlılar ham tağı basqa antroponimlik xarakterdegi miyraslardı legenda dep atap, bulardıń barlığı da bolǵan adamlar ekenligin kórsetedi. Bul legendalardıń shınlıqqa oǵada jaqın tarıyxıy faktlerdi táriyiplewine qaramastan, awızdan-awızǵa ótip, ózgertilip, qosılıp, alıp taslanıp kelgenlikten, olardı tarıyx dep qarawǵa bolmaydı. Tek tarıyx ushın kerekli material bolgan degen juwmaq isleydi [4,120].

Demek, N.Dawqaraev tarıyxıy faktlerdiń legendaǵa tiykar bolatuǵınlıǵın qatań itibarǵa alıp, ol bul ózgeshelikti janrdıń jetekshi kriteriyası sıpatında bahalaǵan. Alımnıń usı baslaması folklorshılarımız tárepinen uzaq waqıtlarǵa shekem dawam etti. Izertlewshiler tarıyxıy mazmundaǵı xalıq mıyrasların legenda dep atay basladı.

Qaraqalpaq ádebiyatında realizm máselesi boyınsha jumıs islegen alım N.Japaqov óziniń izertlewinde qaraqalpaq xalıq ańızlarına «Ertegi-ańız» degen termindi qollanıp qawıstıń ishine (legenda) dep jazadı. Ol: «Ertegi-ańız (legenda) lardıń barlıǵı tek fantaziyalardan quralǵan emes, olardıń kóbisi real turmıs–tarıyx penen tıǵız baylanıslı ekenligin kóremiz» dep, «Gúldirsin» ańızın mısalǵa aladı [4,121].

Ańızlarda tarıyxıy waqıyalıq syujetler baslı áhmiyetke iye bolıp, sol hádiyselerdi anıqlap túsindirip beriwge dıqqat awdarıladı. Ańızdıń qaharmanları tarıyxta bolǵan shaxslardan ibarat bolıp, onda joqarǵı ǵayrı kúshler qatnaspaydı. Syujetleri yamasa epizodları oǵada az, geyde bir syujet penen de sheklenetuǵın, kompoziciyalıq qurılısı jeterli dárejede turaqlı emes biraq, variantları kóp etnografiyalıq, geografiyalıq, tarıyxıy tematikalıq ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Ápsana menen ańızlardıń eń tiykarǵı ózgeshelikleri olardıń tarıyxta bolǵan waqıyalarga qatnası menen belgilenedi. Eger waqıyanıń mazmunı qanshelli dárejede turmıslıq haqıyqatlıqtan alıs bolsa, olar ápsana boladı da, al waqıyanıń jelisi tariyxıy real hádiyselerge qaratılǵan bolsa ham sol obyektti túsindiriwdi, anıqlawdı maqset etken bolsa, ol ańız janrına kiredi [4,116].

Ańızlar tematikalıq jaqtan bir neshe toparlarga bólinedi: 1. Tarıyxıy ańızlar: Bular tarıyxıy waqıyalarǵa, tarıyxıy adamlarǵa baylanıslı dóreydi. Mısalı, Maman biy. Aydos biy, Ernazar biy tuwralı ańızlar. 2. Toponimikalıq ańızlar. Bul topardaǵı ańızlar jer-suw atamalarına baylanıslı dóreydi. Mısalı, Shımbay, Shomanay haqqındaǵı ańızlar. 3. Diniy ańızlar. payǵambarlar, sahabalar, awliyeler, shayıqlar haqqında bolıp keledi. Mısalı, Muhammed payǵambar, onıń tórt dostı (sháryarlar) Házireti Ali, Omar, Osman, Sıddıq tuwralı ańızlar usı toparǵa kiredi. Olar ańızlardaǵı waqıyalar, sharayatlar kórkem til menen súwretlenedi, syujetler belgili bir kompoziciyalıq qurılısqa iye boladı.  Sonıń ushın da, ańızlar kórkem dóretiwshiliktiń bir janrı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq folklorında "Gúldirsin" ańızı qarabaqanaǵa aynalǵan eski Gúldirsin qalasınıń atamasına baylanıslı payda bolǵan. Erte zamanlarda Xorezm elinde Gúlistan degen abat qalanı dushpanlar qamal etedi. Qala xalqı ashlıqqa qaramastan shıdamlılıq penen mártlershe qorǵanadı. Biraq patshanıń Gúldirsin atlı qızı dushpan patshasınıń balasına shahzadaǵa ashıq bolıp, qamaldıń sırın ashıp beredi. Gúldirsinniń satqınlıǵı aqıbetinde qala qarap boladı, xalqı tutqın boladı, posıp ketedi. Shahzada asaw attıń quyrıǵına Gúldirsindi baylap, aydatıp jiberedi. Sebebi, óziniń jeke tileklerin qanaatlandırıw ushın ata-anasına, eli-xalqına qıyanet etken qız, erteń maǵan da ańsat qıyanet ete aladı,–deydi shahzada. Usınnan baslap qárep bolǵan qalanıń atın xalıq Gúldirsin dep atay baslaǵan [4. 124].

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq ańızları xalıqtıń tarıyxında bolǵan, belgili mákan orınlarǵa, belgili tarıyxıy adamlarǵa, namalarǵa h.t.b.larǵa baylanıslı dóregen xalqımızdıń bahalı mıyraslarınan esaplanadı. Bular búgingi kúnge shekem bizlerdiń ádebiyatımızda biybaha ǵaziyne sıpatında saqlanıp kelmekte. Ańızlardı elede keń jámiyetshilikke tanıtıw, olardı elede bayıtıw jumısları alıp barılmaqta. Qaraqalpaq ańızları–bizlerdiń tarıyxtı sawlelendiriwshi ruwxıy baylıǵımız esaplanadı.

**PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR:**

**1.** Allambergenova I. Qaraqalpaq folklorında diniy ańızlar. –Nókis, 2016.

**2.** Baspaǵa tayarlaǵan: Bahadirova. S  Mámbetnazarov. K  Qaraqalpaq ańızları hám sheshenlik sózler. –Nókis, Qaraqalpaqstan, 1992.

**3.** Jarimbetov Q., Nzamatdinov J., Allambergenova I. Qaraqalpaq folklorı. – Tashkent, Sano-standart, 2018.

**4.** Qaraqalpaq folklorı (kóp tomlıq) –Nókis, 2010.